ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ МОЙНАҚ РАЙОНЛЫҚ КЕҢЕСИ

Ш Е Ш И М И

2017-жыл «31»-декабрь **136/26-05-санлы**

Мойнақ районының 2018-жылғы жергиликли бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлери, жергиликли бюджеттиң 2017-жылы орынланыўы ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Бюджет кодекси («Өзбекистан Республикасы Нызам ҳүжжетлери топламы», 2013-жыл 31-декабрь, 52-(I)-санлы) 28-статьясы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессияна тийкар, Мойнақ районының 2018-жылғы жергиликли бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлери, жергиликли бюджеттиң 2017-жылы орынланыўын қарап шығып, халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И:

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессия қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Мойнақ районының 2018-жылғы жергиликли бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлери, жергиликли бюджеттиң 2017-жылы орынланыўы ҳаққындағы районлық Қаржы бөлими баслығы Е.Жакетовтың ҳәм Халық депутатлары районлық Кенеси депутаты, «Жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм орынлаў, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери» бойынша турақлы комиссия баслығы М.Абубакировтың мәлимлемеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Мойнақ районы жергиликли бюджетиниң 2018-жыл ушын тийкарғы көрсеткишлериниң дәраматлар бөлеги, қәрежетлер бөлеги ҳәм мақсетли субвенция болеги 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Мойнақ районы ҳәкиминиң экономика ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары (А.Ажиниязов) ҳәм «Жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм орынлаў, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери» бойынша турақлы комиссия баслығы М.Абубакиров ҳәмде тийисли мәкеме басшылары менен биргеликте:

жергиликли бюджет дәраматларының ҳәм қәрежетлериниң тастыйықланған көрсеткишлериниң толық орынланыўын тәмийинлеў, аймақтың дәрамат базасын

жергиликли бюджет дәраматларының ҳәм қәрежетлериниң тастыйықланған көрсеткишлериниң толық орынланыўын тәмийинлеў, аймақтың дәрамат базасын кеңейтиў ҳәм экономикалық потенциалды көтериў, сондай-ақ бюджет қаржыларының мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыў илажларын көриў;

район ҳәкимлигиниң тийисли бюджетлер дәраматлары ҳәм қәрежетлери баланслылығына тәсир көрсетиўши норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди финанслық ҳәм экономикалық экспертизадан өткериў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Финанс Министрлигине усынып барыў;

аймақларда салық салыў базасын кеңейтириў ҳәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр илажлар көриў;

бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизсин.

5. Мойнақ районы мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Артиков) район ҳәкимлиги менен биргеликте Мойнақ районы жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлесин.

6. Мойнақ районы Қаржы бөлими (Е.Жакетов)қа:

Мойнақ районы жергиликли бюджетиниң 2018-жыл даўамында жергиликли бюджет қәрежетлериниң қысқарыўы нәтийжесинде пайда болған қосымша қаржылар дереги есабынан Мойнақ районын социаллық-экономикалық раўажландырыў барысындағы ис-иләжларды әмелге асырыў ушын зәрүр өзгерислер киритип барыў;

бюджеттен қаржы алыўшылардың, бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализ қылып барыў, бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған ҳәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыўы жағдайлары пайда болған бюджет мәкемелерин қысқартырыў мәселелери бойынша район ҳәкимлигине ҳәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша ҳәр шеректе есабат киритип барыў;

районлық ғазнашылық бөлими менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли ҳәмде олардың тийкарсыз жумсалыўы үстинен ғазнашылық орынланыўы дизими арқалы қатаң қадағалаўға алыныўы тапсырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў «Жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм орынлаў, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери» бойынша турақлы комиссиясына жүкленсин.

8. Районлық «Арал балықшысы» газетасы редакторы (З.Қалжанова) усы шешимниң газетада жәрияланыўы тәмийинленсин.

9. Усы шешим қабыл етилген күннен баслап күшке киреди.

Сессия басқарыўшысы: Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңеси баслығы С.Данияров

Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң 2017 жыл 31-декабрьдеги № 136/26-05-саңлы қарарына № 1-қосымша

2018 жылға Мойнак районының жергиликли бюджетиниң тийқарғы көрсеткишлери

№	ДАРАМАТЛАР	Мың сум
1.	Юридикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат (пайда) салығы	
2.	'Сауда хам жамийетлик аукатланыу карханалары ушын бирден-бир салык толеми	148 371,0
3.	Салық толеўдин апиўайыластырылған дизимиң қолланыўшы микрофирма ҳәм киши карханалардан алынатуғын бирден бир салық төлеми	658 761,0
4.	Физикалык тареплердин дараматынан алынатугын дарамат салыгы.	1 605 228,0
5.	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық.	5 494 785,0
6.	Физикалык тареплердин мал-мулкине салынатугын салык.	268 979,0
	Жер салығы.	544 809,0
8.	Бирден бир жер салығы.	61 430,0
9.	Дийхан базарларынан бир мартелик жыйымлар	13 512,0
10.	Жергиликли жыйымлар	407 323,0
	ДӘРАМАТЛАРДЫҢ ЖӘМИ	**9 203 198,0**
	Трансфертлар	22 488 548,0
	Айланма касса	320 900,0
	ДӘРАМАТЛАРДЫҢ ХӘММЕСИ	**31 691 746,0**
	КӘРЕЖЕТЛЕР	
1,	Ауыл ҳәм суў хожалығы	290 791,0
2,	Абаданластырыў кәрежетлери	1 803 687,0
3,	Улыўма билимлендириў	19 791 517,0
4,	Мәденият ҳәм спорт	130 975,0
5	Ден-саўлықты сақлаў	6 479 715,0
6,	Спорт	492 520,0
7,	Халық қабуллаўханасы	42 640,0
8,	Мәмлекет басқарыў уйымларын сақлаў	1 495 282,0
9,	Пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын сақлаў кәрежетлери	825 956,0
10,	Басқа кәрежетлер	24 884,0
11,	Захира жамғармасы	313 779,0
	КӘРЕЖЕТЛЕР ХӘММЕСИ	**31 691 746,0**